

Nimewo 4.18

## D E K R È E G Z E K I T I F

### **Kontinye Deklarasyon Ijans pou Katastwòf nan tout Eta a akòz mank nan pèsonèl pou swen sante nan Eta New York**

**KONSIDERE KE**, gen mank pèsonèl nan lopital ak nan lòt etablisman swen sante epi yo prevwa sa ap kontinye;

**KONSIDERE KE**, gwo mank pèsonèl nan lopital yo ak lòt sant swen sante yo ta dwe afekte kapasite pou kontinye bay swen enpòtan ak pou byen sèvi popilasyon vilnerab yo;

**LÈ NOU KONSIDERE**, gen yon nesesite imeda ak enpòtan pou konplete kantite pèsonèl la pou asire sant swen sante yo kapab bay swen;

**KOUNYE A, AN KONSEKANS**, mwen menm, Kathy Hochul, Gouvènè Eta New York la, konfòmeman ak otorite Konstitisyon Eta New York la ak Lwa Eta New York yo te konfyé mwen, avèk dokiman sa a, pwolonje eta dijans poutèt katastwòf jan sa deklare nan Dekrè Egzekitif Nimewo 4 la, jan lòt apre yo te kontinye li, epi kontinye kenbe anvigè tèm, kondisyon, ak sispansyon yo nan Dekrè Egzekitif Nimewo 4 ak siksesè li jiska 23 mas 2023; depi, sepandan, sispansyon ak modifikasyon lwa annapre yo pa anvigè ankò:

- Seksyon 6524 nan Lwa sou Edikasyon an (Education Law), seksyon 60.7 nan tit 8 NYCRR lan ak paragraf seksyon (1) nan soudivizyon (g) 405.4 nan tit 10 nan NYCRR lan nan tout anplè ki nesesè pou kapab pèmèt nenpòt doktè ki pral gradye an 2021 oswa 2022 nan yon pwogram medikal akademik ki akredite pa yon ajans akreditasyon pou edikasyon medikal pa Komite Lyezon sou Edikasyon Medikal la (Liaison Committee on Medical Education) oswa Asosiyasyon Osteyopatik Amerikèn nan (American Osteopathic Association), epi ki te aksepte pa yon pwogram rezidans ki akredite pa Konsèy Akreditasyon pou Edikasyon Medikal Lisansye (Accreditation Council for Graduate Medical Education) nan oswa deyò Eta New York pou yo ka travay nan nenpòt enstitisyon anba sipèvizon yon doktè ki gen lisans;
- Seksyon 6512 rive 6516, ak 6524 nan Lwa sou Edikasyon an ak Pati 60 nan Tit 8 NYCRR la, nan tout anplè ki nesesè pou pèmèt moun, ki te gradye nan pwogram medikal ki anrejistre epi akredite nan Eta New York yo an 2021, egzèse medsin nan Eta New York, san nesesite pou yo jwenn yon lisans epi san pèn sivil oswa kriminèl ki gen rapò ak absans akreditasyon yo, a kondisyon ke moun ki gradye ki ap egzèse medsin sa yo ta dwe nan tout ka yo anba sipèvizon yon doktè ki akredite epi ki anrejistre pou ka egzèse medsin nan Eta New York;
- Sou-divizyon (b) nan seksyon 405.3 nan Tit 10 NYCRR la, nan limit ki nesesè pou pèmèt lopital jeneral yo sèvi ak volontè ki kalifye oswa pèsonèl ki afilye avèk diferan lopital jeneral yo, daprè tèm ak kondisyon ke Komisè Sante a etabli; epi

- Sou-paragraf (ii) nan paragraf (2) nan sou-divizyon (g) nan Tit 10 N.Y.C.R.R. la nan seksyon 405.4, nan limit ki nesesè pou pèmèt etidyan diplome nan lekòl medikal etranje ki gen omwen yon ane nan edikasyon medikal siperyè pou bay pasyan swen nan lopital yo, modifye nan mezi pou pèmèt etidyan gradye sa yo bay pasyan swen nan lopital yo san lisans si yo konplete omwen yon ane edikasyon medikal siperyè.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan  
Vil Albany, venteyinyèm jou mwa  
fevriye sa a nan ane de mil venntwa.

#### SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a